


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 48 (7188) 27 ноябрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багъа 7 гъурущ


МахIачхъалаялда-улбузул форум

## Балагьаздаса гIумро цIуниялъе-эбелалъулаб хIаракат

***«Эбелалъухъе рачIараб мехалъ нилъеца гьелда бицуна кинабго рекIелъ захIмалъун бугебщинаб. Щайгурелъул гIицIго эбелалда кIола дур киналго захIмалъабазул гъварилъи бичIчIизе»,-ян республикаялъул БетIерас абурал рагIаби лейтмативлъун лъугьана республикаялъул улбузул кIиабилеб форумалъул гIахьалчагIазе***





**БитIахъе улбузул къо тIаде щвезе чанго къо хутIараб мехалъ, 24 ноябралда МахIачхъалаялъул «Дружба» залалда тIобитIана Дагъистаналъул улбузул II форум. Гьелда гIахьаллъана нилъер районалдаса анцIго эбелги.**

Гьеб рагьулаго Дагъистаналъул БетIерас ракIалде щвезаруна самолет къвагьизабун гIумро лъугIарал 220 ялдаса цIикIкIун Россиялъул гIадамал. Гьел ракIалде щвезариялъул руцIун чIеялдасан байбихьана форумалъул хIалтIи.

*(Ц1але 3 ва 4 гьурмазда)*

## Баркула - районалъул улбузда

29 ноябралда Россиялдаго кIодо гьабулеб буго эбелалъул къо. РакI-ракIалъ баркула районалъул ручччабазда гьеб праздник.

Эбел. Щивав чиясе гьей ккола Аллагьас рахIматлъун кьурай, бищунго нилъ рокьулей ва тIалаб цIикIкIарай инсан. Гьелъие сайгъат гьабула ракьалде вачIаравго инсанас тIоцебесеб гьими ва даимго рекIел рухьеназ гьелда рухьарал руго нилъ.

РакI-ракIалъ баркула районалъул улбузда гьезул къо, гьарула бищунго цебе чорхое сахлъи, лъималазда тIад хIинкъи букIунгутIиялъе рекъел, парахатаб, лъималаз адаб толареб гIумро!

* * *

ХIурматиял районалъул инвалидал!

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб бугеб инвалидазул къо. Гьеб буго нужедехун пачалихъалъ унго-унгояб инсанасулаб балагьи гьабиялде нухмалъулел ахIараб праздник. Гьелъ нужее квербакъулел органазул пикру буссинабизе буго нужер ахIвалхIал лъикIлъизабиялде.

Гьарула чорхое сахлъи, талихI, гьабулелъулъ битI ккей. Биччанте нужеда рукъалъул ва лъималазул къварилъи бихьунгутIизе!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

Экстремизм-терроризм

### АТКялъул Центр гIуцIана

Республикаялъул БетIерасул мугIрузул территориалияб округалъул бихьизабиялда рекъон райадминистрациялъул конференц-залалда тIобитIана мугIрузул округалъул АТКялъул (адаптационнияб) Центр гIуцIиялъе рищиял. Киназулго разилъаялдалъун гьелъул нухмалъулевлъун вищана Мухтар МусалахIажиев. Гьенибго Централъул составалде гьорлъ рачана щибаб районалъул жавабиял.

## ИГИЛалъул мурад - Россия биххи

**Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана «Безопасный Дагестан»,-абураб проекталда рекъон тIобитIараб АТКялъул гIатIидаб данделъи. Гьаб нухалда гьениб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул бетIерасул ва Правительствалъул вакил Рамазан Жафаровас, РДялъул печаталъулгун информациялъул министр Азнаур Аджиевас, АТКялъул вакил Сайпудин ХIабибовас, мугIрузул территориалияб округалъул нухмалъулесул зам. ГIамирхан МухIамаддадаевас, районазул вакилзабаз, тIаде ахIараз.**

Данделъиялда гьоркьоб лъуна «Безопасный Дагестан»,-проекталда рекъон кьокъаб болжалалда гьаризесел хIалтIаби. КIалъазе рахъарал ГI. НурмухIамадовас, Р. Жафаровас, А. Аджиевас, С. ХIабибовас, Унсоколо районалул имам Гъ. Абакаровас, Гъуниб районалдаса Серго Шахмардановас ва цогидазги тIадчIей гьабуна: «ГьабсагIаталда нилъеде, ай Россияде тIаде бачIун буго кутакалда захIматаб заман, ИГИЛалъ хIинкъи кьолеб буго дуниялалъулго цивилизациялъе.

**(Ахир 2 гъумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 48 (7188)*
*27 ноябрь 2015 сон*



**Республикаялда лъугIана овощал, картошка, пихъал ракIарун,-ян лъазабулеб буго Дагъистаналъул Минсельхозпродалъ. Кинабниги бакIарараб къадар овощазул бахана I500 азарго тоннаялде. БакIарана 384 азарго тонна картошкадул ва I52,6 тонна пихъил.**
**ГъабсагIаталда бакIарулеб буго пулав, цIоросаролъ, семичка.**

# ИГИЛалъул мурад - Россия биххи

Гьеб кинабго гьабулеб буго Россия биххиялъул, гьелъул пачалихълъи хвезабиялъул мурадалда. Гьединлъидал щивас бутIа лъезе ккола ВатIан цIуниялълъ. ИГИЛалъ батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизаруна гьеб мурадалда. Нилъго нилъецаго чIвазе тIамуна, питна бекьана, гьанже рагъулаб ахIвал-хIал гIуцIулеб буго. Гьедин бихххана Ливия, Сирия, гьел бак1азда хIалтIизабулеб буго химиялъул ярагъ. Жакъа кинабго рахъалъулаб дандечIей гьабизе ккола щивав чияс щибаб бутIаялда балагь гьукъиялъе. Бихьулеб бугелъул ракълилал гIадамазде теракталл гьарулел рукIин. Гьедин кьвагьизабуна Египеталдаса бачIунеб нилъер самолетги.

ИГИЛалъул асаралдалъун Сириялде Дагъистаналдаса ун вуго 750 чи. Гьез гьабулеб иш ккола власталде данде рахъун рагъи. Гьеб ккола нилъер загIипаб хIалтIул хIасил. Гьединлъидал жакъа гIемераб жавабияб хIалтIи цебе чIун буго АТКялъул комиссиялда ва Централда.

КIвар кьезе хIажат буго мугжул теялде ва руччабаз гIарабиялъул ретIел ретIиналде. Нилъ бусурбаби ратани, аварагасул (с. т. гI. в.) нухдаги ратани, цогидал течениязул къагIидаби хIалтIизари букIине бегьиларо. Цо-цо жоялъул мода букIуна, мода гIадин буго руччабаз паранжа ретIи. Нилъер Дагъистаналъул ретIел квешабищ бугеб?

Жигарлъизабизе ккола жакъа гIуцIараб адаптационнияб Централъул хIалтIи, гьелъул кумекалдалъун цIунизе ккола гIайиб гьечIел гIадамал ва цIодорлъи букIинабизе ккола кинабго рахъалъ. Киналъего гIилла хIалтIи гьечIолъи буго. Гьеб рахъалдеги кIвар кьезе ккола».

Гьединго вагьабизмалъул къуват букIарал росабалъ гьабулеб хIалтIи чучлъизе бегьуларинги бихьизабуна данделъиялда.

*ГIабдурахIман (ГIумар) ХIамзатов ракIалде щвеялъе*

# ЛъугIана мини-футболалъул къецал



22 ноябралда МахIачхъалаялда лъугIана РДялъул машгьурав общественниявгун политикияв хIаракатчи ГIабдурахIман ХIамзатов ракIалде щвезавиялъе тIобитIараб тIоцебесеб районалъул мини-футболалъул турнир. Гьелъул гIуцIарухъанлъун цере рахъана «Унсоколо район» МОялъул гIолилазулгун спорталъул отдел ва «Унсоколо районалъул гIолилал»,-абураб ДРОО. Турниралда гIахьаллъи гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, «Унсоколо сельсовет» МОялъул администрациялъул бетIер М. МухIамадовас, районалъул имам Гъ. Абакаровас, ДАГДОРКОНТРОЛЬ КГУялъул рук. Ш. ГIалиевас, М. Кихасуровас, Унсоколо районалъул росабазул гIолилаз ва вакилзабаз.



РакIалде щвезабилин, гьеб турнир тIобитIулеб букIана МахIачхъала шагьаралда I8 октябралдасан байбихьун щибаб гьатIан къоялъ. Гьелъулъ гIахьаллъи гьабуна I6 командаялъ, гьеб ккола районалдаса 200 чи. ТIубараб моцIалъго унго-унгояб спортивияб къеркьеялъ бихьизабуна районалда футбол бокьулеб ва къойидаса къойиде лъикIго хIалеб букIин. ХIалуцараб къеркьеялъул хIасилалда турниралда бергьенлъиги щун кубокалъул бетIергьабилъун рахъана Бекьилъ росдал команда, 2 бакIалъе мустахIикълъана Генуб росдал команда, 3 бакI гьоркьоб бикьана Шамильхъалаялъул ва Балахьуни росабазул командабаз.



Кихасуровас ва цогидазги. Хас гьабун Унсоколо районалъул гIолилаз ракI-ракIалъулаб баркала кьуна хIазе футболалъул поле кьуралъухъ М. Кихасуровасе.

Турниралда бергьенлъи босарал командабазе «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, Унсоколо росдал бетIер М. МухIамадовасги кьуна гIарцулал сайгъатал, кубокал, гьединго медалалгун грамотаби.

Турниралъул ахиралда ГI. НурмухIамадовас абуна: Дун вохарав вуго жиде-жидер ишалги тун нуж гьанире рачIиналдаса. РакIалде ккола гьал къецаз нужее гьабураб асаралъ кумек гьабилин жеги гьира-шавкъалда хIалтIизе. Спорт кидаго букIана гIолилазда аскIоб, дун божарав вуго гьадинал турнираз квербакъи гьабилин росабазул поселоказул гIолилазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе.

Гьединго турниралда баркалаялъул кIалъаял гьаруна «Унсоколо сельсовет» МОялъул администрациялъул бетIер МухIамад МухIамадовас, районалъул имам ГъазимухIамад Абакаровас, «Дагдорконтроль» ГКУялъул руководитель Шамиль ГIалиевас, МухIамад

*3 декабрь - инвалидазул къо*

# Инвалидазе - социалияб хъулухъ

ТIолабго Россиялдаго гIадин нилъер районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъ ва хIажатазе социалияб хъулухъ хIалтIилъун лъугьун буго инвалидазул ва чIахIиязул тIалаб-агъаз гьаби. Гьеб хIалтIи нижер цIобалде ккарал разилъуледухъ гIуцIизе хIаракат бахъи



гьабиялъул Централъги кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб инвалидазул къо. Социалиял хIалтIухъабаз, жалго инвалидас ва тIолалго гIадамаз гьеб къо рикIкIунеб буго гIадамаздехун гурхIелрахIмуялъул бербалагьи гьабиялъул къолъун. Нилъер районалда гьеб къо кIодо гьабулеб буго инвалидал рази гьариялъул къо гIадин, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул ва Централъул хIалтIухъабазул щибаб къойилаб буго нижер хIалтIухъабазул тIадаб масъала.

Социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул упрвлениялъ ва Централъул хIалтIухъабаз ракI-ракIалъго баркула районалъул тIолалго инвалидазда халкъазда гьоркьосеб инвалидазул къо. ГIаруда нужер щивасе щулияб сахлъи, халатаб сахаватаб гIумро, талихIгун рохел.

*ГI. НУРМУХIАМАДОВА.*

# Баркала, нужее, сахал гIадамал!

МахIачхъалаялда нижер ХIамзатов ГIумар (ГIабдурахIман) ракIалде щвеялъе турнир тIобитIизе ракIалде щвазе, гьеб тIобитIиялъулъ гIахьаллъи гьабурал райадминистрациялъул бетIер ГIиса НурмухIамадовасе, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб комиталъул хIалтIухъан Шамил ГIабдулахIажиевасе, Унсоколо администрациялъул бетIер МухIамад МухIамадовасе, гьесул заместитель ХIабиб МухIамадовасе, мини-футболалъул федерациялъул президент АнвархIажи МухIамадовасе, Рихьуниса Кихасур МухIамадовасе, «Дагдорконтроль» ГКУялъул нухмалъулев Шамил ГIалиевасе, районалъул финансовияб Управлениялъул нухмалъулев Хъарамухlамад ГIабдулхаликъовасе, судалъул приставазул нухмалъулев АхIмад Малачихановасе, занятосталъул Централъул нухмалъулев МухIамаднур НурмухIамадовасе, соцобеспечениялъул нухмалъулев ГIали ХIамзатовасе ва гьединго республикаялдаса судебно-департаменталъул нухмалъулев Мухтар ТIалхIатовичасе, Ленинский районалъул прокурор Батир Билаловасе, федералиял судьяби ГIали ГIалиевасе, МухIамад Шамиловасе, ГIумарил курсцоязе, гьудул-гьалмагъзабазе, районалъул «Ахихъан» газетаги гьоркьоб ккун ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго ГIумарил цересел гIагарлъиялъул рахъалдасан.

Биччанте гьединал тадбирал гIемер тIоритIизе нилъее камурал гьайбатал васал ракIалде щвеялъе.

Аллагьас нужер щивасул рекIел мурадал рекIее бокьухъе тIураги, лъимал-рукъалдаса рохун хутIаги, сахаватал гIадамал.

*ГIумар ХIамзатовасул гIагарлъи*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 48 (7188)*
*27 ноябрь 2015 сон*



**С а д о в о д**

Страница в номере




# Обращение

## Главы РД Р. Г. Абдулатипова к участникам II республиканского форума матерей Дагестана «Сохранение традиций и развитие духовно-нравственных принципов народов Дагестана в гражданском обществе»

Приветствую участников II Республиканского форума матерей Дагестана»Сохранение традиций и развитие духовно-нравственных принципов народов Дагестана в гражданском обществе».

Прошло два года со времени проведения Первого форума матерей, который определил в качестве главного ориентира развития, деятельность власти, направленную на сохранение мира.

В последние дни мировое сообщество стало свидетелем крупнейших террористических атак, жертвами, которых – в основном молодые люди.

На 1 Республиканском форуме матерей «Будущее Дагестана - в руках матерей» принят Материнский наказ, направленный на стабилизацию общественно-политической ситуации в республике, консолидацию усилий в борьбе с экстремизмом, терроризмом, невежеством, бескультурьем и равнодушием против угроз безопасности человека, общества и государства, внедрения чуждой идеологии в наше общество, во имя настоящего и будущего наших детей.

Сегодня можно с уверенностью сказать, что нами было намечено правильное направление.

Обсуждение Материнского наказа проводилось на республиканских телеканалах и в печатных средствах массовой информации, на расширенных заседаниях коллегий органов исполнительной власти республики, в территориальных органах федеральных органов исполнительной власти по РД, на собраниях трудовых коллективов и активов женщин в муниципальных образованиях республики.

Прошло достаточно времени, чтобы оценить выполнение этого Материнского наказа. Позитивные изменения в республике очевидны. Произошел перелом в сознании дагестанцев в восприятии чуждой идеологии терроризма и экстремизма. Сегодня республика перестала быть «горячей точкой», и мы почти два года живем без террористических актов.

Одним из главных наших направлений деятельности стало очищение всех уровней власти от недобросовестных чиновников и противодействие коррупции. За последние годы освобождены от занимаемых должностей около 80 процентов глав муниципальных районов и городских округов, руководителей ряда органов исполнительной власти республики.

Многое сделано для духовно-нравственного возрождения дагестанского общества, сохранения межконфессионального и межнационального мира, укрепления взаимопонимания и сплоченности народов республики. Платформой, базовой основой для этого стали наша культура, традиции, патриотизм, наше единство и сплоченность вокруг наших традиционных ценностей.

И важной вехой в деле духовно-нравственного возрождения стало празднование 2000-летия основания г. Дербента, проведенное в соответствии с Указом Президента РФ В. В. Путина.

Праздник стал символом сплочения дагестанского общества, сохранения исторических корней нашего единства, стимулом к активной работе на благо Родины. Дербент – это наш цивилизационный ответ на глобальные угрозы экстремизма, терроризма, ксенофобии, который мы продемонстрировали всему миру.

В своем послании к Федеральному Собранию РФ президент страны оценил состояние дел в духовно-нравственной сфере как «демографическую и ценностную катастрофу», происшедшую в результате утраты многих нравственных ориентиров. Он сказал: «если нация утрачивает жизненные ориентиры и идеалы, ей и внешний враг не нужен, все и так развалится само по себе» и поставил задачу «укреплять прочную духовно-нравственную основу общества».

На современном этапе особую актуальность приобретает возрождение и развитие национально-культурных традиций, что, по сути, является сопротивлением интенсивному проникновению элементов западной культуры и поведенческих стандартов, стремлением сохранить систему национальных ценностей и нравственно-этических понятий, национального сознания и поведения. У всех народов ценности носят национально-культурный характер, но они схожи в тех понятиях, которые имеют отношение к жизни, к роли женщины в обществе.

Женщина всегда играла важную роль в истории дагестанских народов, ведь женщина – это хранительница домашнего очага, а каждая семья, хранимая и оберегаемая ею, - это общество в миниатюре. Самые дорогие и святые понятия родина, мать связаны с образом женщины. Женская мудрость передается из поколения в поколение, помогая сохранить семью, детей, духовно-нравственные ценности в современном мире. В дагестанских языках выражение родной язык дословно переводится как мамин язык. А поговорка гласит: лишенный отца – один раз сирота, лишенный матери – семь раз. Мать – эта душа семьи, без нее потухает очаг и рушится дом.

В жизни дагестанских народов можно встретить много примеров героических подвигов горянок, которые взялись за оружие, чтобы защитить родную землю. Всем известен воспетый в фольклоре подвиг юной дагестанской девушки Парту-Патимы, которую образно называют дагестанской Жанной Д'Арк.

На фронтах Великой Отечественной войны плечом к плечу с мужчинами сражались дагестанские женщины, производили необходимую для фронта продукцию, внося неоценимый вклад в работу сельскохозяйственной отрасли.

Женская мудрость не дает нам забыть дела минувших дней. Женщины помнят и предупреждают нас о возможности повторение таких трагедий.

Особого внимания заслуживает подвиг русских женщин – учителей, которые приезжали в Дагестан и внесли огромный вклад в развитие образования, приобщали дагестанских детей к русской культуре, духовности. Дагестан стал их второй и любимой родиной. В моем родном селении я поставил памятник своей первой учительнице, светлую память, о которой я сохранил на всю жизнь.

В современном дагестанском обществе женщина выполняет не только роль хранительницы очага, она играет заметную роль в обществе в обеспечении социально-экономического развития республики, сохранении духовно-этических ценностей и устоев. Мы, мужчины, всегда готовы прислушиваться к вашим мудрым и добрым советам.

Нами проводится политика активизации роли дагестанской женщины в государственном управлении. Женщины должны играть ключевую роль не только в семье, но и в республике целом. Я за самое активное участие женщин в процессе принятия государственных решений.

Сегодня растет социальная активность женщин, но остаются и серьезные проблемы, даже угрозы семейным ценностям и сложившимся дагестанским традициям.

Несмотря на очевидные позитивные изменения, следует искать более эффективные способы для предотвращения любого рода дискриминации в отношении женщин. Женщины должны знать свои права и заявлять о них.

Необходимо проводить мероприятия по правовому просвещению женщин, усилив такую просветительскую работу особенно в отношении сельской женской аудитории.

Следует создать благоприятные условия для совмещения и реализации женщинами их семейного, материнского предназначения и активной социальной позиции.

Наши дети по прежнему подвергаются воздействию, нацеленной на программирование сознания агрессивной информационной среды, враждебной традиционным религиям России.

Мы вынуждены констатировать, что сегодня довольно большое число молодых людей попадает в сети вербовщиков, выезжает в Сирию и Ирак для участия в боевых действиях в составе международных террористических организаций, а также обучаются в исламских учебных заведениях радикального толка.

Мобилизовав республиканские и муниципальные органы власти, общественность республики, религиоз ных деятелей, нам удалось добиться формирования в сознании дагестанцев непринятия экстремизма и терроризма, а также понимания того, что экстремисты и террористы – не защитники ислама, а фанатики и бандиты, которые дискредитируют ислам.

Наша задача – возродить духовно-нравственную основу воспитания молодого поколения.

На государственном уровне мы способствуем сохране нию наших славных традиций и духовно-нравственного наследия в современном гражданском обществе. Именно в этом синтезе заключается возможность благополучия и процветания нашей республики. Во всем этом несомненна ключевая роль дагестанской женщины.

Рост информационных технологий в определенной степени становится фактором, провоцирующим поляризацию ценностных установок различных групп населения. Мы являемся свидетелями практически непрерывных межэтнических конфликтов, ксенофобии, фанатизма, роста радикальных настроений.

Современный мир ставит перед женщинами принципиально новые задачи по духовно-нравственному преображению человеческого бытия.

Нынешнее поколение женщин заметно усиливает свое благотворное влияние на государственную и общественную жизнь, на формирование общества, способного противостоять разрушительным глобалистским тенденциям на основе традиционных цивилизационных ценностей.

Глубоко убежден, что наше будущее невозможно построит без опоры на духовно-нравственные ценности нашего народа, на прочный фундамент патриотизма, без служения государственным и общественным интересам, и уверен, что свое веское слово должны сказать дагестанские женщины.

Желаю всем дагестанским женщинам мира и благополучия, благодарной любви сыновей и дочерей, созидательного труда на благо родного Дагестана.

Рамазан АБДУЛАТИПОВ.
24. ноября 2015 г.

# Россельхозбанк предлагает дагестанцам кредит «Пенсионный»

Россельхозбанк предоставляет кредит для людей пенсионного возраста на неотложные нужды без подтверждения целевого использования кредитных средств. Максимальная сумма, доступная в рамках пенсионного кредита, составляет 500 000 рублей, минимальная – 10 000 рублей. Выдается кредит без комиссии, сроком от 5 до 7 лет.

Для получения данного кредита в Россельхозбанке необходимо наличие российского гражданства и прописки на территории страны. Кроме того, банк также учитывает и возраст заемщика. Согласно требованиям, на момент полного погашение займа, возраст заемщика не должен превышать 75-ти лет.

Для оформления кредита по пенсионной программе заемщик должен предоставить документ, удостоверяющий его личность, пенсионное удостоверение, заявление с прощением оформить кредит или ипотеку, а также справку, в которой указана размер последней пенсии.

Все условия получения займа оговариваются во время консультации со специалистом. При принятии положительного решения в вопросе выдачи займа, между заемщиком и банком составляет договор, в котором прописаны обязанности и права обоих сторон. Получить кредит можно в течение 45 календарных дней с даты принятия Банком положительного решения о предоставлении кредита.

Порядок погашения кредита заемщик выбирает по своему усмотрению: ежемесячно, дифференцированными/аннуитетными платежами. Допускается полное или частичное досрочное погашение кредита.

Полное погашение должно осуществиться в течение пяти лет после получения денежных средств.

**М. Г. АХМЕДХАНОВ.**
**Управляющий Д/О с. Унцукуль ДРФ**
**АО «Россельхозбанк»**

# Балагъаздаса гIумро цIуниялъе - эбелалъулаб хIаракат

- КIиго соналъ цебе тIобитIараб форумалда нилъеца хадубккун республика цебе бачиналъе хIалтIи гIуцIиялъе нухал рихьизарун рукIана,-ян бихьизабуна гьениб кIалъалаго БетIерас. Форумалъул хIасилал гьарулаго гьениб къабул гьарун рукIана «Материнский наказ». Дидасаги нужеда лъикI лъала республикаялъул ахIвал-хIал. Гьединлъидал нужергун гIакъло дандбазе бокьун буго дие жакъаги.

Эбелалъулал тIадкъаязда нужеца ахIи бан букIана республикаялъул общественниябгун политикияб ахIвал-хIал рукIалиде ккезабизе, экстремизм-терроризм, гIаданлъи гьечIолъи лъугIизабизе, культура гьечIолъиялъе, тIаса-масаголъиялъе ахир лъезе, гIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинабизе, лъималазул букIинеселъул ургъел гьабизе.

Жакъа дида ракIчIун абизе кIола нужергун дандбараб хIалтIи бищунго рахъи кколеблъун батанилан. Эбелалъулал тIалабал тIуразарулаго гIезегIанго хиса-басиял лъугьана Дагъистаналда. Гьелъул гIадамазул гIакълуялъулъ ккана тIубанго хиса-басиял. Гьанже республика гьечIо хIинкъи бугеб точка гIадин ва кIиго сон буго нилъеца тераккал гьечIого гIумро гьабулеб.

20 соналъ рачIелгIан ясли-ахал, школал рана кIиябго соналъ. Цебего кIочана нилъеда бизнесалъулазухъе флешкаби рачIунел рукIараб заман.

Нилъер гьабулеб хIалтIул аслияб рахълъун жакъа лъугьана намус-яхI гьечIел тIадчагIаздаса власть бацIцIад гьаби. Ахирияб заманалда 80 процент нухмалъиялъул хисана.

ГIемераб заманалъ чIорого рукIана рихharал колхоз-совхозазул ракьал. Нилъер аслияб цIолбохъанлъи букIана гIодобе кколеб. Гьеб бахъинабизе цIияв ахал лъолел руго.

Кинабго гьабулеб буго рухIиябгун гIамал-хасиятalъулаб рахъалъ общество цIи гьабиялъе, рагьулел руго культураялъул ва гIолилазул централ. Гьел ахIарал руго гIадамал куцаялде. КIвар кьолеб буго тарбия-лъай кьей лъикIлъизабиялде, сахлъи цIуни камиллъизабиялде.

РакI-ракIалъулаб гара-чIвариялъул къагIидаялъ ана республикаялъул БетIерасулгун дандчIвай улбузе. Форумалда гьез цIияб «Материнский наказги» къабул гьабуна.

*Росабалъе - хIалтIулаб сапаргун*

# Лъимал цIалуде гъорлъе рачиналъе



«Лъай кьеялъул хIакъалъулъ» закон кьеялъул учреждениияз, лъай кьеялъул гIумроялде бахъинабулаго, лъай муниципалияб управлениялъ, «Унсоколо район» МОялъул администарциялъул саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб комиссиялъ, росабазул поселениябазул бутIрузгун цадахъ лъугьун цо къадаралъул хIалтIи гьабулеб буго школалъул гIумроялъул лъимал цIалуде гъорлъе рачиналъе. Гьедин гьал къоязда росабазул администрациябазулгун хIал-тIи гIуцIиялъул ведущий специалист Шамил МухIамадов ва «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гIуцIиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул ведущий специалист ПатIимат ХIожоева щвана ХъахIабросу, ЦIатIанихъ, ИштIибури росабалъе росабазул администрациябазул ва школазул хIалтIул хал гьабизе. П. ХIожоевалъ лъималазда ва гьезул эбел-инсуда бичIчIизабуна гьезул кинал ихтиярал ва тIадал ишал ругелали, лъазаруна цо-цо лъимал школалде рачIунгутIиялъе ругел гIиллаби, учительзабазул, эбел-инсул ва цогидазул рахъалдасан лъималазул ихтиярал хвезариялъул хIужаби ругищали, гьелъул хIасилалда лъималазе школалде рачIине бокьунгутIиялъул хIужаби ругищали. Хал гьабиялъ загьир гьабуна рехсарал росабалъ гьединал мисалал гьечIолъи. Ш. МухIамадовас тIадехун рехсарал росабалъ администрациябазул захIматалъул гIадлуялъул ва делопроизводствоялъул бугеб хIалалъул хал гьабуна.

Росабалъе гьабураб сапар хIасил кьоледухъ ана.

# Балагъарал разилъуледухъ

Гьал къоязда Шамильхъалаялда букIана магIарулазул машгъурай кIочIохъан Муъминат МухIамадовалъул кIудияб сольнияб концерт. Гьеб сордоялъ гIемерал кечI-бакъан бокьулел ракIарун рукIана поселокалъул Россиялъул халкъазул традиционнияб культураялъул централде. Концерталда гIахьаллъи гьабуна Муъминатил лъалез, гьудул-гьалмагъзабаз, авар эстрадалъул киназего рокьулел кочIохъабаз. Вечер ана киназего бокьуледухъ, бихьулеб букIана гьелде цебеккунго лъикIаб хIадурлъиги, концерталъул хассаб формаги хIадурун букIин.

Концерталъул ахиралда Муъминатица абуна: «Дица ракI-ракIалъулаб баркала кьола дир кечI бокьулезе, хасго Унсоколо районалъул гIадамазе, дица гьезие бетIер къулула, баркала дир рахъ ккуралъухъ, гьоболлъи гьабуралъухъ, нужер рекIел хинлъиялъухъ, гьеб дида бихьула кидаго нужгун дандчIванщинахъе. Бокьун буго гьаризе нужее кидаго гвангъараб бакъги, нужер хъизамазе талихI-рохелги, кIудияб сахлъиги, кинабго лъикIабщинабги.

## Гьикъун къо бачIунареб

У. Гьикъун къо бачIунаро. Бокьараб мехалда нилъеда нахъа чIун батизе бегьула рохелги къварилъиги. Гьединаб буго гIумро. Гьедин араб анкьалда цIа рекIана Унсоколо росулъа ГIабдулхIажиев ГIабдулагьил рокъоб. Жаний йикIана щуабилеб классалда цIалулей яс, эбел-эмен ун рукIана МахIачхъалаялде.

РакIалдаго гьечIого цIа рекIун букIин бихьарай яс йортана мадугьалихъе, гьез ахIи-хIур бахъинабун чанго минуталде гьенире рортана росдал гIемерал гIадамал. Байбихьана цIагун къеркьезе. Ток свинабиялъ мадугьалзабазул хIорахъа лъим цIа ккаралъубе кьабизе рес кколаро, ведрабаз, щвара-щваралъ баччун тIаде рачIараз хIаракат бахъулеб букIана цIикIкIараб зарал ккечIого гьеб свинабизе. Амма цIа ххарула чердакалъубе. ТIад ккураб биццатаб махх бахъизе кIоларого гьоркь цIаги бугеб чердакалде рахун, гьеб гозоца, гIощтIоца бихъизабун, гIезегIан гIакъуба бихьун свинабуна цIа.

ЦIа свинабизе жидеего бугеб хIинкъиги кIочон тун тIаделъарал Унсоколо росдал жамагIаталъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго ГIабдулагьил хъизаналъ ва тIолабго гIагарлъиялъ.

## Конкурсалдаса-бергьенлъигун

7 ноябралда республикаялъул туризмалъул ва гIагараб ракь лъазабиялъул Централда тIобитIана гIагараб ракь лъазабиялъул конкурс.

Конкурсалъул тема букIана «Нилъ, халкъазда гьоркьосеб гьудуллъиялдалъун къуватал руго»,-ян абураб. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Унсоколо № I гьоркьохъеб школалъул 11 «а» классалъул цIалдохъан – станциялъул «Юный краевед» цолъиялъул член Дахадаев Малачиханица. Жиндирго руководителалъул, СДЮТЭялъул педагог, ГIабдулаева ГIайшатил нухмалъиялда гьоркь гьес хIадурана доклад «Унцукульцы – участники Афганской войны»-абураб темаялда.

Докладалъул тема рагьулаго М. Дахадаевас станциялъул тарихияб музеялъул материалазул кумекалдалъун лъазаруна районалдаса Афгъаналъул рагъда гIахьаллъи гьабуразул хIакъалъулъ, гьел рагъулел рукIарал бакIал, рагъулал частал ва гьезие щварал шапакъатал. Гьединго жиндирго руководительгун цадахъ дандчIвана гьеб вахIшияб рагъулъ гIахьаллъи гьабурав, Унсоколоса ГIабдулаев ХIасангун.

Конкурсалъул хIасилалда рекъон Дахадаев Малачихание щвана III кIвараялъул диплом.

Станциялъул педагогазул коллективалъ ва кружоказул гIахьалчагIаз баркулеб буго М. Дахадаевасда ва педагог ГIабдулаева ГIайшатида цIияб цIалул соналда щвараб бергьенлъи.

**П. ХIАЙБУЛАЕВА.**
**СЮТалъул методист.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28

Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 27.11.15 г. 16,30 фактически -15.10 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1500 экз.